# Дошам

## 1. Керлачу дешнийн маьIнаш

**Кхалорийн деза де** – *и дезде хIора шеран ворхIалгIачу баттахь ялта кхиарна баркалла кхайкхош, дIахIоттош хилла, ворхI дийнахь лацьттащ а хилла.*
**Левихой** – *уьш Исраилан халкъан шийтта тайпанна юкъара цхьаъ ду. Царна бен пурба ца делла Делан цIа долчохь динан гIуллакхаш дан.*
**Мулка** – *иза канаIанхойн дела ву бохург ву. Цунна сагIийна дийна бераш дохьура, къаьстина Iамминхоша.*
**Назархо** – *чагIар ца мала а, корта а, маж а дIа ца яшийта а нигат дарца ша Далла лерина хилар гойтуш волу стаг.*
**Парушхой** – *жуьгтийн динан цхьа тоба. Цара товратана тIера хьехамаш а, пайхамарша яздинарш а, забур а тIеэцнера. Парушхоша шаьш къастабора, велларг денваларх теша бохуш. Товрат-хьехам беллачул тIаьхьа тIетоьхна динан Iадаташ лардан деза моьттура царна.*
**Пасахь** – *жуьгтийн дезачу деношна юкъахь лоруш долу цхьа де ду. И де Дала уьш Мисар-махкахь леш болчуьра кIелхьарбахар дагадоуьйту де ду. Пасахь дийнахь хIора доьзало сагIина цхьа Iахар боьйтура. Юха иза шайн доьзалехь берриг а дIабуура.*
**Рабби** – *устаз. Арамхойн маттахь.*
**Риман вахархо** – *Рим-пачхьалкхо схьабаьхначу мехкашкахь массарна а луш яцара и цIе. И цIе я ахча делла, я дегара тIаьхьене луш яра. Цу цIаро дуккха а бакъонаш лора иза йолчунна.*
**Садукъой** – *жуьгтийн динан цхьа тоба. Садукъой динан дай бара. Цара товратан хьехамаш бен ца лорура. Уьш беллачуьра нах денбаларх ца тешара.*
**ХIашанна** – *иза арамхойн маттахь «кIелхьарадаха хIинца!» бохург ду. Iийса кху дуьненахь Iаш волчу хенахь иза «Далла бу хастам» бохучух тера дара.*

## 2. Бараман дешнийн маьIнаш

**Герка** – *цхьа герка ах кийла сов озаран барам бу.*
**Динари** – *цхьана дийнахь болх бича, луш долу дато ахча.*
**Дол** – *куьйган голана тIера пIелгийн буьхьигаш тIе кхаччалц болу барам.*
**Сажа** – *дIасадаржийначу шина куьйган барам.*
**Чаккхарма** – *бахалла ши эзар долан барамехь болу некъ.*



## 3. Дицлуш лаьттачу дешнийн маьIнаш

**ВаIда** – *цхьа хIума, билггала кхочушдийр ду аьлла, тIелацар. Дукххахьолахь жуьгташа ваIда Деле дора.*
**ГIарбаш** – *зуда-лай.*
**Гоьмукъ** – *ехачу гIожа буьххехь ира цхьамза а болуш, тIом бечу хенахь кхуссу я Iутту герз.*
**ГIем** – *коьрта тIе туьллуш болу тIеман куй.*
**ГIопаста** – *юхкуш йолу хIуманаш тIеюьллу меттиг (туьканахь, базарахь).*
**Забур** – *назманийн жайна.*
**Зайт** – *шех даьтта доккху стом.*
**Зорх** – *адаман а, дийнатийн а юург охьу хьер.*
**Кема сацориг** – *хIордан кема сацош хи чу кхуссу, дукха хьолахь аьчках йина, еза хIума.*
**Кхалор** – *йоццачу ханна йина тхов-кIело.*
**Къуьда** – *кIезиг серло луш болу чиркх.*
**Меттамотт** – *нах арахь севцина меттиг.*
**ПохIма** – *хьуьнар. Дала елла говзалла.*
**ПIаьлдиг** – *тIаьрсиган тIоьрмиг.*
**Сарап** – *иза «алоэ» олу дарбане орамат ду.*
**Стигалан Iаьрчаш** – *йист йоцу стигал; гена меттиг.*
**Тарх** – *тIулг санна долу ламанан дакъа.*
**Шахьар** – *нах бехаш йолу меттиг. Дукха хьолахь гIала.*
**Чухчари** – *лакхара охьакхуьссу дуккха а долу хи.*
**ЦIу** – *тIулгах, дечигах я кхечу хIуманах дина, наха дела ву бохуш, корта бетта сурт.*
**Iарш** – *Дала Паччахьо санна адамашна а, дуьненна а тIехь олалла ден стиглара меттиг.*
**Iибадат дан** – *Дела ларар гайтар.*